

Kondisyon Prè Etidyan Federal yo Chanje— Sa Ou Bezwen Konnen

Gouvènman federal la fè chanjman nan prè Etidyan yo. Chanjman sa yo ka gen gwo konsekans grav pou moun k ap prete lajan yo, tankou pèdi yon ranbousman taks sou revni ak/oswa avantaj gouvènman an. Moun ki prete lajan yo ta dwe chèche konsèy finansye oswa èd legal anvan yo pran nouvo prè federal, paske yo ka afekte kalifikasyon yo pou plan peman ki deja egziste a. Li anba a pou jwenn enfòmasyon sou fason pou pwoteje sante finansye ou.

SI OU GEN DÈT PRÈ FEDERAL ETIDYAN

Konnen sèvis ou yo, balans ou, sitiyasyon ou ak opsyon ou yo. Konsekans pou peman anreta yo ka gen enpak sou kredi ou ak ranbousman taks ou. Sa ka ede w lè ou konnen enfòmasyon sa yo anvan ou ranpli taks ou yo.

Etap 1: Konekte sou studentaid.gov ak kont sèvis prè ou a pou konfime balans prè ou a, sitiyasyon an epi gade si gen nenpòt avi pase ki anreta.

Etap 2: Gade opsyon plan peman yo. Ou ka kalifye pou yon plan ki baze sou revni w, sa ki ka diminye montan mansyèl ou. Moun ki gen revni trè ba ka kalifye pou plan peman nan nivo ki pi ba tankou \$0 pa mwa anba Plan Rambousman ki baze sou Revni ki deja egziste yo (IBR, ICR, PAYE).

Etap 3: Ou gen yon balans ki anreta? Rele sèvisè ou an kounye a. Mande enfòmasyon sou tolerans administratif retwo-aktif oswa lòt opsyon pou kanpe rekouvremant yo anvan yo kòmanse.

ÈSKE W ENSKRI NAN PLAN SAVE LA?

Depatman Edikasyon Etazini an te dakò pou fè yon pwosè ki pral mete fen nan plan SAVE la pou tout tan. W ap bezwen ale nan yon lòt Plan Rambousman ki Baze sou Revni (PAYE, IBR, ICR). Depatman an ap bay moun ki prete lajan yo konsèy sou yon delè y ap bezwen pou yo kite plan SAVE la. Kòmanse eksplòre lòt Plan Rambousman ki Baze sou Revni epi fè anpil atansyon ak enfòmasyon ki soti nan men founisè sèvis ou a sou pwochen etap yo.

OU GEN PRÈ PARENT PLUS?

Apati 1 Jiyè 2026, prè Parent PLUS ki deja egziste yo p ap kalifye ankò pou plan peman ki baze sou revni, menm plan ki gen yon pri osi ba ke \$0 pa mwa. Prè Parent PLUS yo dwe konsolide nan prè Konsolidasyon Dirèk pou moun ka kalifye pou enskri nan yon plan peman ki baze sou revni. Konsolidasyon prè ka pran plizyè mwa. Moun k ap prete lajan yo ta dwe kòmanse pi vit posib pou yo respekte dat limit 1 Jiyè 2026 la.

OU GEN KESYON OSWA OU BEZWEN ÈD?

Vizite lyen ki anba yo oswa eskane kòd QR a pou aprann plis.

Sitwèb Ed Cap, NY bay resous enpòtan pou moun k ap prete lajan nan tout eta yo
<https://www.edcapny.org/>

CLS ofri sèvis pou moun ki pran prè etidyan
<https://clsphila.org/services/student-loans/>

Clarifi ofri konsèy finansye gratis
<https://www.clarifi.org/what-we-do/financial-empowerment/counseling/>

